

Kandidoz (Mikoz)

Òganis ledven yo pwoudi natirèlman nan zòn jenital la. Mikoz koze pa prezans twòp òganis ledven nan vajen an oswa sou peni an. Malgre ke li ka pwopaje ant patnè seksyèl, mikoz pa konsidere kòm yon enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infection, STI) paske li ka rive san w pa fè bagay.

5.20



Mikoz



Sentòm yo

Sentòm nan vajen yo gen ladan yo:

- Demanjezon
- Doulè
- Sansasyon brile
- Ekoulman epè (menm jan ak fwomaj kotaj)

Sentòm nan peni yo gen ladan yo:

- Demanjezon
- Gratèl

Tès

Pwofesyonèl swen sante fè prelèvman nan vajen an epi teste echantyon an pou teste pou mikoz nan vajen an. Yo fè dyagnostik mikoz nan peni a ak yon egzamen vizyèl.

Tretman

Mikoz nan vajen an ka geri avèk gress oswa ak medikaman yo mete nan vajen an, tankou krèm oswa sipozitwa. Mikoz peni a ka geri ak gress oswa avèk krèm aplike nan peni a. Anpil nan tretman sa yo disponib san yon preskripsyon.

Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Si li pa trete, mikoz ka lakòz malèz.

Patnè Seksyèl yo

Patnè seksyèl yo pa bezwen trete pou mikoz.

Mikoz ak Gwosè

Nou pa konnen okenn efè grav mikoz koze pandan gwosè la.

Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik, vizite nyc.gov/health/clinics.